ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№105 (21.763) ● 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и лІыкІуэхэр Москва кІуащ

●Дыгъуасэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КЪБР-м и махуэхэр зэрыщекІуэкІынум пыщІауэ дыгъуасэ Москва кІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и делегацэр. А дауэдапцэр сэбэп хъунущ къэралым и щІыналъэ псоми я лІыкІуэу палатэм хэтхэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщ зым и Іуэху зыІутым кууэу щыгъуаз защІынымкІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и президент Къанокъуэ Арсен зи пашэ делегацэм хэтщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм, дин, лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, спортым, щэнхабзэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м и махуэхэм хиубыдэу мэкъуауэгъуэм и 8-м хьащІэ куэд кьызырихьлІэну зэІущІэхэр ирагъэкІуэнымкІэ Федерацэмкіэ Советым ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ, Социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хьумэнымкІэ, Промышленнэ политикэмкІэ, Щалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ туризмэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ комитетхэм. Абыхэм КЪБР-м и къэралыбластым и органхэм я лІыкІуэхэри хэтынущ. ЗэІущІэхэм кууэу щыхэплъэнущ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ, промышленностымрэ транспорт инфраструктурэмрэ зыщегъэуэфынымкІэ пэжыпІэ хэха хуащІынущ Тырныауз вольфрам-молибден кьыщІэхьпІэр зэтетхуэвэжыным, демографие политикэм, туризм-рекреацэ лэжьыгъэм, республикэм и щэнхабзэм зегъэуэфынымкІэ къэралым зэфІигъэкІыпхьэхэм. Апхуэдэу зезгъэльыхьынущ КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэр Федерацэмкіэ Советым и Аппаратым щыгъэсэным. КЪБР-м и къэрал властым и органхэм я лІыкІуэхэр Федерацэмкіэ Советым Аграрно-ерыскъыпхъэ политикэмрэ бдзэжьей комплексымкІэ и комитетым хэтхэм щхьэхуэу яхуэзэнущ. КЪБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я Аппаратхэм я унафэщІхэр Федерацэмкіэ Советым и Аппаратым и унафэщІхэм епсэльнущ.

Мэкъуауэгъуэм и 9-м, КЪБР-м и махуэм и официальнэу кьыз эуахьыр и пэкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и лІыкІуэхэм закьыхуигъэзэнущ Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Миронов Сергей.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и махуэхэр кьыз эрыгъэІуахьым теухуа дауэдапцэр ягъэдэхэнущ ди республикэм и артист нэхъыфІхэм. Абы хиубыдэу ягъэльэгъуэнущ инновацэхэм, промышленностым, АПК-м, туризт-рекреацэ комплексым, инвестицэхэм я лъэныкъуэкІэ КЪБР-м и Іэ ехьулІэныгъэхэм щыгуаз эзыщІ экспозицэр.

Щэджакъуэм Федерацэмкіэ Советым и Іуэхуэр кьызэІуахьынущ икІи «КЪБР-м теухуа сыхьэтым» хиубыдэу абы кьыщыпсэльэнущ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануаррэ. А зэІущІэм кьыщІэтэ Іуэхуэхэм ящыкІ ятІкІэ Федерацэмкіэ Советым хэтхэм я мурадщ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къэралым диныгъым и Іуэхуэкіэ» унафэр кьащтэну.

Официальнэ Іуэхуэхэр зэфІэкІа нэужь, Миронов Сергей, Къанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар сымэ ЩыхьфэХ хъыбарегъащІэ Іуэхущі Іэхэм я лІыкІуэхэм епсэльэнущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Щапхъэу бгъэльагъуэ хъунущ

Ди газетым зэрытетащи, махуэку кІуащ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен щалъущІащ ди щыпІэм и къалэхэм, куейхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

ЯПЭУ зытепсэльыхьар Лэскэн куей администрацэм блэкІа илъэситІым зэфІиха лэжьыгъэхэмрэ мы гъэм кьыпэщыпхъэмрэщ.

- Лэскэн куейр 2004 гъэм кьыззрагъэпэщауэ щытащ. Абы лъандэрэ блэкІа илъэситІым зиужьуэр йоІкІуэкІ, социальнэ и лъэныкъуэкІи экономикэ унэтІыныгъэхэмкІи, - пэублэ псальэм кьыхигъэщащ Президентым. - Куэд щІакьым сэ а щыпІэм сызэрыщыІэр икІи хуабжьу си гуапэ хъунущ фІы и лъэныкъуэкІэ гу зыпыьыста зэхъуэкІыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ, псальэм папщІэ, куейм хиубыдэ жылэхэм зэрызыужьыр, гъэзугъэм я нэхъыбапІэр зэпэщу зэрыщытыр, социальнэ Іэнатіэхэм ехъулІэныгъэ зэрызыІэрагъэхьэр, школыщІэхэр кьызэрыщызэІуахьэр, жьы хъуа унэхэм кьыщІагъэкІыуэр щыхуэр иджырей унэльапсэхэм зэрагъэІэпхъуэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

●Гулъытэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Махуэ Билал саугъэт ирет.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Президентым и саугъэтхэр къыхуагъэфащэ

Мэкъуауэгъуэм и 5-м «Синдика» интур-хьащІэщым Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен щалъущІащ бэнэкІэмкІэ Баку щекІуэкІа европэ чемпионатым и ныбжьыщІэхэм я щыгъуэ къыхуагъэфащэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьыщи, зи гугъу тщІы зэпеуэм дыщэ медалхэр къыщыхьащ УФ-м тІэунейрэ дуней псом и чемпион хъуа, щІалэщІэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекІуа **Махуэ Билал** (тренерыр Таджиев Гаджиид), алыдж-урым бэнэкІэмкІэ къэралым и чемпионатым зыбжанэрэ щытекІуа, Дунейпсо Кубокыр къэзыхьа, Поддубный Иван и цІэр зезыхьэ международнэ зэхьэзэхуэм щытекІуа, Данием дунейпсо чемпионатым и жэз медалыр къыщызыхьа **Урыш Анзор** (тренерыр Тембот Анзорщ). Мы гъэм екІуэкІа европэ чемпионатым Къэбэрдей-Балькъэрым и гъэсэнхэм ящыщу жэз медалыр къыщихьащ зыбжанэрэ къэралымрэ Европэмрэ щытекІуа, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэпеуэхэм щыщу ехъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьахэм.

- Псоми сэлам гуапэ фызох нобэрей ди гуфІэгъуэ пшыхьым кьырихьэлІахэм. Дэ дгъэльапІэр икъуэкІэ текІуэныгъэшхэущ - ди къэралышхуэм и командэ кьыхэхам хэт ди лъэнкъэгъуэхэм зы зэхьэзэхуэм кьриубыдэу дыщэ медалищрэ зы жэз медалрэ кьызэрахьарщ.

- ЗэІущІэм кърихьэлІа спортсменхэм, тренерхэм, спорт ІэщІагъэлІхэм захуигъэзащ Къанокъуэ Арсен. - Ди республикэм и гъэсэнхэм къагъэльагъуэ зэфІэкІ лъагэхэм десэж хуэдэщ, ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукым, кьыхэжаныкІэхэм гулъытэ хэха хуэтщІкІэрэ, ахэр кьыдэкІуэтей щІэблэм щапхъэу зэрахуэдгъэувыр. Си гуапэт мыпхуэдэ гуфІэгъуэхэр нэхъ Іэтауэ, нэхъ щІэращІэу дянэкІэ едгъэкІуэкІыну.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и фондым кьыхэжІыу Къанокъуэ Арсен спортсменхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ ахъшэ саугъэтхэр яритащ.

Кьызэхуэсахэм фІыщІэ псалъэкІэ зыхуагъэзащ пшыхьыр щІызэхаша спортсменхэми.

- Нобэ псоми здэдгъэльапІэ текІуэныгъэр ди закъуэ къэтхьауэ арагъкъым. Ар, псом япрауэ, тренерымрэ бэнакІуэмрэ я ехъулІэныгъэщ. Кьыхэзгъэщыну сыуеиёщ сыт хуэдэ зэфІэкІ лъагэ уиІэми, мылъкуІэ зыкъыпщІагъэхъуэным куэд зэрельытар. Абы и лъэныкъуэкІэ фІыщІэ щхьэхуэ хуэзощІ КЪБР-м Іэнэ-кІэмкІэ и федерацэм и президент Къанокъуэ Арсен. Ар кьызэрыддэІэпыкъуэм и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм, зэман куэд лъандэрэ бэнакІуэхэм я кІыщу къальитэ Дагъыстэным, Осетие Ищхьэрэ-Аланием я гъэсэнхэм хуэдэу, уеблэмэ, нэхъыфІу зыкъагъэльагъуэ хъуащ, - жиІащ Хъущт Аслъэнбэч.

Спортым республикэм зыщиужьыным сытым дежи хэлъхьэныгъэ зэрызуиущІынумкІэ, спортсменхэм щІэгъэкъуэн зэрахуэхьхунымкІэ кьызэхуэсахэр кьИтЬэгугъащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●ЗэпыщІэныгъэхэр

Сату хэщІапІэхэр къызэІуах

Саратовскэ, Нижегородскэ, Ульяновскэ областхэм Чувашымрэ Марий Элрэ Къэбэрдей-Балькъэрым сату-экономикэ Іуэхуэмкіэ и хэщІапІэхэр кьыщыунэхуащ.

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм мазэ и пэкІэ Саратовскэ, Нижегородскэ, Ульяновскэ областым - «МРТЦ» ООО-рщ (унафэщІыр Салманов А. А.), Марий Эл, Чуваш республикэхэм, апхуэдэу Ульяновскэ областым - «МРТЦ» ООО-рщ (унафэщІыр Дыщэкі А. А.).

КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий кьызэригъэльэгъуащ, хэщІапІэхэм я лажьыгъэр опт сату инхэмрэ цІыкІухэмрэ я закъуэ тещІыхьакъым: «Мы зэман гунэгъуэхэм абыхэм Урысейм и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІыпІэ предприятэхэм я дэлэл къалэнхэр щагъэззэщІэфынущ. Республикэм ерыскъым, ерыскъыхэкІэхэм елэжь и промышленнэ Іэнатіэхэм щагъэхъэзэн продукцэр, фІагъ зиІэ фадэхэкІэхэри хэту, Урысейм и рынокым щыпсэуфынымкІэ абы мыхьэнэщхуэ иІэщ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхухэм ящІэн папщІэ

«Коррупцэм пэщІэтыныкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым и Указым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм коррупцэр къыщыщэнымдыным теухуа профилактикэ лэжьыгъэ щегъэжьагъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым якъ ятІкІэ Іуэхьхэ зэрызэблагъэжІыкІэ зыужь

Щапхъэу бгъэлъагъуэ хъунущ

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Илъэситі блэкlам кърибыбгу, кризисыр къыщежьа 2009 гъэри хэту, куейм и унафэщlхэм зэфlагъэкlа lэхъухэм нэхъ щэщlауэ тепсэльыхьащ Къанокъуэм псалъэ зрита, Лэскэн куей адміністрацэм и lэтащхьэ **Мэкъауэу Арсен.** Щlыпlэм хиубыдащ жылагъэм 2008 - 2009 гъэхэм районыфэщlхэм щызэфlаха lэхъуэгъуэхэм я гугъу щищlым, Мэкъауэуэм къыхигъэщащ абы и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрефlэкlыар.

- Абы и щыхьэщхь куейм и мэкъумэщ lэнатlэхэм къыщалъэхь продукцым а лъэхъэнэм къриубыдэу хэпщыкlыу зэрыхьэхъуар. 2008 гъэм апхуэдэ продукцэу ахъщэ сом мелуан 643-рэ и уасэ къалэжьамэ, иджы абы хуокlуэ сом мелуан 750-рэ. Блэкlа илъэсым гектар къэс хуэзэу гъавэу къытетхащ сом мин 83,9-рэ и уасэ. Ауэ ары республикэм къыщрахыж епльытмэ (сом мин 68,5-рэ и уасэ), ар хэпщыкlыу нэхъ лъагэщ, - жиlащ Мэкъауэуэм. - «Социальнэ и лъэныкъуэкlэ къуажэхэм зегъэужьын» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткlэ, псэуалъэ ираухуэну е уэн-лъапсэ къращэхуну ди куейм и унагъуэ 42-м субсидиехэр яlэрыхьащ. А унэтlыныгъэмкlэ иджыри пэжыдзыхуэ ирогушхуэ.

Мэкъауэуэм зэрыжиlамкlэ, куейм и псэукlэр зефlэкlуэным и хэкlыпlэ нэхъ инхэм ящыщщ абы и промышленностым нэхъри зегъэужьынкlэ. 2007 гъэ лъандэрэ куейм щыплажьэ промышленнэ lэнатlэхэм я бжыгъэм процент 33,4-кlэ хэхъуащ. Абы и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ яlэщ щыпlэм щылажьэ консерв заводхэм. 2009 гъэм къуриубыдзу а lэхъущlапlэхэм къыщалажьащ процукцэ куэд. Мы зэманым пэжыдзыдзыгъэ зрахьэхэм ящыщщ «Налмэс» мэкъумэш lэхъущlапlэм, «Ерокlуэ консерв завод» ООО-м, «Ермак» ООО-м нэхъри зегъэужьынымр. Зэман къкlэупчм абыхэм къыщалажь продукцэм хуэдэ 5-кlэ хагъэхъуэну мэгугъэ. Апхуэдэу, Хьэтуей къуажэм дащlыхьынущ хадзэкlэхэм щеплажь заводышхуэ. Абы и бизнес-планми Мэкъауэуэм щигъэгъуэзащ зэlущlэм кърихьэлlахэр.

А псори сэбэп хъуащ Лэскэн куейм 2009 гъэм иlа бюджетыр процент 97,9-кlэ гъэззэщlэныжмкlэ. Езыхэм хэхъуэу яlащ ныдэлъ бжыгъэм и процент 89,2-рэ.

Куейм и щыхьэм я псэукlэр егъэфlэкlуэныжмкlэ, Мэкъауэуэм и докладым къызэрихьащамкlэ, щlыпlэ унафэщlхэм яльэкl къагъанэркъым. Абыхэм гулъытэшхуэ хуащl абы дзт еджапlэ, гъэсапlэ, щэнхабэз, спорт lэхъущlапlэхэр, зыгъэпсэхупlэ щlыпlэхэр зэпэщу щыгъэтыныжмкlэ. Блэкlа илъэсэ 2-м къриубыдэу экономикэмрэ социальнэ lэнатlэхэмрэ зэужьыным хухахащ сом мелуани 195,9-рэ. А унэтlыныгъэхэм адэкlи зегъэужьын, я мурадхэр ядзыхьулlэн папщlэ щыlэ хэкlыпlэхэри и докладым къыщигъэнэхуащ.

- Гулъытэ хэха зыхуэщlыпхъэ lэхъуэгъуэхэм ящыщу къызолытэ псэр зыгъэжьабзэ lэнатlэ Урыху къуажэм икlэщlыпlэкlэ дзащlыхьынкlи. Псыр гъащlэщ. Абы и кьабзагъым елъытащ къытщlэхъуэ щlэблэм я узынщагъэр, ди lэщlэ-вышlэм къапlыкl хьэрыр, ди губгъуэхэм, гъавэ щlапlэхэм яlэ щытыкlэр, - жиlащ Мэкъауэуэм. - Апхуэдэу куейм сымаджэщым и Іуэхур хьэлэчщ, ар зэбгъэпэщыжкlи мыхьэнэ иlэщкъым. Зыхуей хъэгъэзэн хуейкъым щыщ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ щэнхабзэ lэнатlэхэри. Кьинэмыщlауэ, «Кавказ» федеральнэ гъэзэуи къыщыщlэдзауэ Уэзрэдж къуажэм нэс дзлъыр, километри 10 зи кlыхьагъэр, зэпэщу щыжьипхъэщ.

Мэкъауэуэм ищlа докладым щытепсэльыхьым, абы и Іыхъэ зэхуэмыдэхэм ирозэ техьэгъуэ къытеувыпlащ **Кьанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар** сымэ. Президентым къыхигъэщащ щlыпlэм къыщалъэу сабийжэм я бжыгъэм хэпщlыкlыу зэрыхьэхъуар и гуапэ зэрыхьэр. Абы жаlэр диныгъыу зэуущlэм къыщыпсэльащ **Вербицкий Алексей**. Абы игу къыгъэшlажащ Лэскэн куейм і щыпlэу зрагъэпсэхуну щlыпlэ хлъэмрэ ящlыпlэ властымрэ яку дэлъ зэхуэщытыкlэ гуапэм щыгугъыкlащ, куейм и Іуэхуэр адэкlи ефlэкlуэну Мэкъауэуэм ехъуэхъуащ. Докладым ипкъ иткlэ яубзыхуэ унафэхэр къыщащтэм, Іуэхуэм яхьмрэзэу хэтащ министрхэу **Ерчэн Темболат, Мусуков Адий, Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Бышэн Аэрэт, Абрэдж Іэдиб** сымэ, нэгъуэщlхэри. Абыхэм я гру ирихьащ Лэскэн куей адміністрацэм зэфlэх лэжьыгъэхэр, арэзы техьэащ зыхуагъэувыжа я кьалэнхэмкlи. Куейм щекlуэкlэ Іуэху бгъэдыхьэкlэрэ адрей щlыпlэхэм зыужьыгъэ яхубгъэльагъуэ хьуну кьалъытащ.

Зэlущlэм и етlуанэ Іыхьэм республикэм и кьалэхэм, куейхэм я адміністрацэхэм я lэтащхьэхэр зыгъэпlейтей Іуэхуэхэр утыку кьарльыкlащ. Ахэр ехьэлlат псоу зэхуэсхэр хуэунэм, гъэзугъэр зэгъэпэщыжьынм, сабий зеиншэхэм защlэгъэкlэуным, 2010 гъэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрекlуэжьынм. Абыхэм зэхуэсым ирихьэлlахэр кlэщlу тепсэльыхьащ, хэкlыпlэхэри яубзыхуащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Иджыблагъэ Печатым и унэм щекlуэкlащ «Журналистым жылагъуэм и пащхьэм щыхь жэуапльныгъэр» фlэщыгъэщlэр зиlэ «Стол хьурей». Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым.

ЗЭУЩlЭМ хэтащ КъБР-м хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм-кlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ щlалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министр **Пашты Валерий**, республикэм и Тхакlуэхэм я союзым и тхьэмадэ Кхъуэлуфэ Хьэчим, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщlапlэм и унафэщl **Хьэгуэрэ Джамилэ**, «Россвязьнадзор-м и унафэщl **Бочаров Юрий**, республикэм и Полиграфкомбинатым и унафэщl **Кьудей Владимир**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, республикэм къыщыдэкlгазетхэмрэ журналхэмрэ, щlыпlэ телевиденэм, радиом я лэжьакlуэхэр.

- Нобэ мыбдеж къыщыдэхуэсхэр зи Іэщlагъэм фlыуэ хэзыщlыкlэ журналистхэу икlи сэ шэч кьыптесхьэркъым дэтхэнэ зыми жылагъуэм и деж щыфхь жэуапльныгъэр зыхуэдэр нэсу зэрызыхэсфщlэм, - жиlащ Іэлуцlэр къыщыщlэуIыхьэм КъБР-м и Журналистхэм я союзым и унафэщl **Мэзыхьэ Борис** - Жылагъуэ узынщэ щыlэныр куэдкlэ ельытащ журналистым абы и деж нихьэс хьыбарыр зыхуэдэм. Сыт хуэдэу дунейм зыкъыщызэримыдзэкlами, хьыбарегъащlэ Іэнатlэм и лэжьакlуэхэм щыхуэхэм зэкlэ щыпlэхэр къызэрыщызэщlэпlъэм. Атlэ абы я къабзагъым елъытащ къытщlэхъуэ щlэблэм я узынщагъэр, ди Іэщlэ-вышlэм къапlыкl хьэрыр, ди губгъуэхэм, гъавэ щlапlэхэм яlэ щытыкlэр, - жиlащ Мэкъауэуэм. - Апхуэдэу куейм сымаджэщым и Іуэхур хьэлэчщ, ар зэбгъэпэщыжкlи мыхьэнэ иlэщкъым. Зыхуей хъэгъэзэн хуейкъым щыщ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ щэнхабзэ lэнатlэхэри. Кьинэмыщlауэ, «Кавказ» федеральнэ гъэзэуи къыщыщlэдзауэ Уэзрэдж къуажэм нэс дзлъыр, километри 10 зи кlыхьагъэр, зэпэщу щыжьипхъэщ.

Мэкъауэуэм ищlа докладым щытепсэльыхьым, абы и Іыхъэ зэхуэмыдэхэм ирозэ техьэгъуэ къытеувыпlащ **Кьанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар** сымэ. Президентым къыхигъэщащ щlыпlэм къыщалъэу сабийжэм я бжыгъэм хэпщlыкlыу зэрыхьэхъуар и гуапэ зэрыхьэр. Абы жаlэр диныгъыу зэуущlэм къыщыпсэльащ **Вербицкий Алексей**. Абы игу къыгъэшlажащ Лэскэн куейм і щыпlэу зрагъэпсэхуну щlыпlэ властымрэ яку дэлъ зэхуэщытыкlэ гуапэм щыгугъыкlащ, куейм и Іуэхуэр адэкlи ефlэкlуэну Мэкъауэуэм ехъуэхъуащ. Докладым ипкъ иткlэ яубзыхуэ унафэхэр къыщащтэм, Іуэхуэм яхьмрэзэу хэтащ министрхэу **Ерчэн Темболат, Мусуков Адий, Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Бышэн Аэрэт, Абрэдж Іэдиб** сымэ, нэгъуэщlхэри. Абыхэм я гру ирихьащ Лэскэн куейм і щыпlэу зрагъэпсэхуну зэфlэх лэжьыгъэхэр, арэзы техьэащ зыхуагъэувыжа я кьалэнхэмкlи. Куейм щекlуэкlэ Іуэху бгъэдыхьэкlэрэ адрей щlыпlэхэм зыужьыгъэ яхубгъэльагъуэ хьуну кьалъытащ.

Зэlущlэм и етlуанэ Іыхьэм республикэм и кьалэхэм, куейхэм я адміністрацэхэм я lэтащхьэхэр зыгъэпlейтей Іуэхуэхэр утыку кьарльыкlащ. Ахэр ехьэлlат псоу зэхуэсхэр хуэунэм, гъэзугъэр зэгъэпэщыжьынм, сабий зеиншэхэм защlэгъэкlэуным, 2010 гъэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрекlуэжьынм. Абыхэм зэхуэсым ирихьэлlахэр кlэщlу тепсэльыхьащ, хэкlыпlэхэри яубзыхуащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жэуапльныгъэр зыхащlэ

● Зэlущlэхэр

ар Іэмал хъарзынэу зэрыщытыр.

Адэкlэ псалъэ иратащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я тхьэмадэ и къудзэ **Аттаев Жамал.** Абы кьыхигъэщащ урысей псом журналистикэр дахэу хэзыщlыкlыр, ауэ ди куейм абы и щапхъэу кьихьащ мелуан бжыгъэкlэ тираж зиlа газетхэм ящыщ куэд нобэ къызэрыдэмыкlыжыр, кьэна закъуэтlакъуэми и бжыгъэр фlыуэ зэрехуэхар. «Къапщтэмэ, къаралым зэхъуэкlыныгъэхэр щыщыlа lъэхъэнэм журналистикэм и пщlэр ехуэхащ, дунейм кьыщыхьуэм ятеухуа хъыбар пэжкlэр жылагъуэм и деж нэхъэсыныр кьанэри, цlыху щхьэхуэхэм я псэукlэ зэрыхьэзэлъэжьапхъэр, зым и Іуэхр адрейм ильытэу кьызэдекlуэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу абы кьыхилъхьащ районхэм тхыльыдджэхэм я конференцхэр щегъэкlуэжкlипхъэу. «Цlыхуэхэм дахуэзэн хуейщ, - жиlащ абыхэм депсэльыпlэу, езыхэм я гупсысэр кьедгъэуатэу жылагъуэмрэ властымрэ зэпыт щlэныр дэ ди кьалэн нэхъыщхьэщ», - жиlащ абы.

Къудей Владимир хьыбарегъащlэ Іэнатlэм и лэжьакlуэхэм кьыхуриджащ зэкъуэувэу щlыналъэм зыщlыхьыбгъу экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэпэщlэтыныр къБР-м Хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъуэ щlалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министрым зыужьыгъэзащ абы теухуа публицистикэ тхыгъэхэм теухуа зэпеуэ къызэрагъэпэщыну. - Республикэм щlэщlа щытыкlэр зэпlэзэрыт хъыжьныкlэ журналистхэм кьалэнхышхуэ ди пщэ кьыдоху, - жиlащ Къудей. - Ди кьалэмыр пэжым хуэдгъабзэкlэрэ, дэ мамыр псэукlэм ди гуащlэ хьэлдотлъэ».

Іэнатlэм и радиом и лэжьакlуэ **Мэремыкьуэ Ларисэ** хьыбарыщlэхэр зэрагъэхъэзырым, ахэр къызэратетэпсэльыхьащ. Ар зыгъэгъэмэщl Іуэхуэгъуэхэм ящыщу кьыщыхьащащ республикэм кьыщыхьэу Іуэхуэр япэу Москва и хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм я деж зэрыпэ сыр, абы щlыпlэу ди телевиденэм радиоми ар кьыщыlэрыхьэр махуитlкlи дэкlуэну.

«ИТАР-ТАСС»-м и лэжьакlуэ **Чернышовэ Маринэ** сыт хуэдэ хьыбарри интернетымкlэ псынщlэ дыдэу зэрызэбгрырыкlым тепсэльыхьащ. «Газетхэмрэ телевиденэмрэ я лэжьакlуэхэм иджыри пэжыр зэкагъэкlыну и ужь итми, интернетым апхуэдэ Іуэху зэрихуэркъым, - жиlащ Чернышовэм. - Нэхъыбэуэ абы уэзыщихьэлlэ хъыбархэм гъабжьэ яlэкъым, ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар дуней псом псынщlэ дыдэу щlызэпльащlыс. Іэмал имыIэу абыи хэкlыпlэ гуэркэр кьыхуэтlэуэтын хуейщ».

Нобэ зыщlэ щытыкlэм теухуауэ литературэм, гъуэгуфlэкъым я бжыгъэ зыщlыщlа lъэхъэнэм журналистым и пщlэр ехуэхащ, дунейм кьыщыхьуэм ятеухуа хъыбар пэжкlэр жылагъуэм и деж нэхъэсыныр кьанэри, цlыху щхьэхуэхэм я псэукlэ зэрыхьэзэлъэжьапхъэр, зым и Іуэхр адрейм ильытэу кьызэдекlуэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу абы кьыхилъхьащ районхэм тхыльыдджэхэм я конференцхэр щегъэкlуэжкlипхъэу. «Цlыхуэхэм дахуэзэн хуейщ, - жиlащ абы. - А псори дэ газет напэкlэуцlым идгъэззэгъэну Іэмал диlэкъым, абы кьыхэкlыу щыдгъэкlэщlи кьыхъу».

«Прокладненские известия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Гашковэ Еленэ** кьыхихьащlащ Печатым теухуа Закон, Журналистым и этикэ хабзэхэр зэрыщlыжьи кlи дэтхэнэ зыри абыхэм тетын зэрыхуейр. «Щlыхьэ и щхьэм кьихьэр итхкlэ зэфlэкlакъым, сыт хуэдэ тхыгъэм пэжыр и пlъабжьэу, цlыхур абы зыгуэрым хуитlъасэу щытпхъэщ. Абы и пlъабжьэкlэ Журналист нэхъыжьхэр щlалэгъуалэм зэрыщlэхъуэ яхуэхъунущ, - жиlащ абы.

Бочаров Юрий тепсэльыхьащ интернетым теухуа закон зэрыщымыlэм кьыхэкlыу абы и лэжьыгъэм иджыпсту зэхъуэкlыныгъэ гуэркэр пхуэхэльхьэну зэрыщымытым, апхуэдэу кьыхигъащщ мы зэманым Ф-м и Кьэрал Думэм абы теуха уна фэм зэрыщыхьэпlъэр.

Зэlущlэм и кlэм **Пащты Борис** кlэщlу кьытеувыlащ нобэ республикэм и хьыбарегъащlэ Іэнатlэм и Іуэху зыlутым, апхуэдэу кьэпсэлъа псоми жаlэхэм мыхьэнэ зэрыритыр кьыжьиlэри, журналистхэм нэхъ гъунэгъуу ядлажьэ Іуэхущlапlэ хэха щыlэн зэрыхуейкlэ арэзы хъуащ.

Кьызэхуэсахэр зэгурыIуащ нэхъ щlэх-щlэжьыр зэрыпхуэдэ зэlущlэхэр ирагъэкlуэкlыну.

ЦЫХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

НАЛО Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр

щыгугъэжащ. Нало Ахьмэдхъан адыгэбзэм зегъэужьыным пыщlа кьэхутэщlэхущхъэ иригъэкlжащ, Москва къыщыдгъкlа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-адыгэшэрджэс псалъалъэ» тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм яхэтащ. Кьэбэрдей-Балькъэрым и адыгэ ныгъэм, щlэныгъэм, щэнхабзэм, нэгъуэщlэ Іэнатlэхэм щытхъу яlэу щолажьэ Нало Ахьмэдхъан щlэныгъэ зригъэзгъэуэта, Іэщlагъэм хуигъэса, кьэхутэныгъэхэм тригъэгушхуэ щlыхуищlэхэр.

Нало Ахьмэдхъан литературэми занщlэу зыкъыщызэгъуихащ икlи бжьыпlэ зыныгъ тхакlуэхэм ящыхьащ. Ящэ дыдэ итха рассказхэм щlэныгъэ, абы и Іэдакъэщlэкlэхэм нэхур, ауан дахэр кьыхущ. Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр пэжыкlэм и тхыдэм и напэкlыщ нэхъ гугъуэм, революцэмрэ граждан зэуэмрэ я lъэхъэнэм, Хэку зауэшхуэм ди зауэлIхэм щыlэрахьа хахуагъэм, зауэм щlыхуэхэм кьахуихь гуаэмрэ гузэвэгъуэмрэ ятеухуащ. Тхакlуэм Іупщlу кьегъэльагъуэ щlыхуфэм зэрахьа а лIыхъужьхэзышхуэм езым и лъэпкъэгъуэхэм хащlыхьар. Анэдэлъхьэщlэр нэгъэсауэ зыгъэшэрыуэф авторым щlыхуэм и гурыщlэр кууэ щlыхьэпкърихьа тхыгъэ хьэлэмэтхэм ящыщщ «Рейихстэрым адыгэби тепщ» рассказыр.

Зауэ Іэнатlэмрэ лэжьыгъэмрэ Нало Ахьмэдхъан щlиэ фlыщlэхэр хэкум нэсу кьиlытащ. Абы кьратащ Невский Александр, Вагъуэ Плышъ орденхэр, Хэку зауэ орденым и І нагъыщlэу, Хэку зауэ орденым и II нагъыщlэу тlу, СССР-м и медалу пщlы, Польшэ Республикэм и медаль. Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и институтым» абы щlэныгъэ аспирантурэмрэ кьиукащ икlи 1951 гъэм щыщlэдзауэ институтым адыгэбзэмкlэ щригъэджащ. Филологие щlэныгъэхэм я кандидат щlэр къэхьыныжкlэ диссертацэр пхигъэкlри доцент хьуащ. Илъэс куэдкlэ абы пединститутым, иужькlэ щlэныгъэлlым, ныбжьэгъу пэжым, щlалэгъуалэм я чэнджэщэгъу губзыгъэм и фэеплъыр дэ зэи диту ихункъым.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборз В. С., Тхьэзэплъыж М. ТI., Аттаев Ж. Ж., Ацкъан Р. Хь., Бегиев А. М., Бышэкъуэ Л. А., Вэрокъуэ В. Хь., Джэдгъэф Б. М., Гуровэ Л. А., Гуртуев С. С., Гъут І. М., Доруев А. Хь., Дышэкlэ М. Р., Жаным Р. М., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Къэжэр Хь. Хь., Къарэмырзэ Б. С., Къармокъуэ М. М., КъуэлIуфэ Хь. Хь., Чым Ю. С., КIуэкlуэ Дж. Н., Котраков В. Н., Кузьмин В. Г., Мэзыхьэ Б. Б., Макитов С. И., Мэкъауэуэ А. Хь., Мэшбащlэ И. Щ., Мэз С. С., Нало З. М., Опрышко О. Л., Пащты Б. С., Тау П. КI., Тау Хь. Т., Темыркъан Б. Хь., Толгуров З. Хь., Тхьэгъэзит З. М., Тхьэгъэзит Ю. М., Тхьэзэплъ Хь. М., Уянаев К. Хь.-М., Фыра Р. Б., Хьэгъэс З. А., ХьэкlуащlэА. Хь., ХьэфIыщIэ М. М., Хьэх С. Хь., Щхьэгъэпсо С. Хь., Щхьэгуэш А. Л., Елгъэр К. М.

Кулиев Къайсын ягу къагъэкlыж

● Фэеплъ

Къэбэрдей-Балькъэрым и щыхубз усакlуэ, Ленин и саугъэтым, СССР-м, РСФСР-я и Къэрал саугъэтхэм я дауреат Кулиев Къайсын дунейм щекlуэжа мэкъауэуэгъуэм и 4-м ирихьащlэу гъэ кьэс фэеплъ зэlущlэхэр зэхашэ. Апхуэдэу мэрем махуэм ягу къагъэкlыжащ усакlуэ щlэрыIуэр.

ЯПэщlыкlэ Кулиевым и фэеплъым удз гъэгъахэр тральхьащ, КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ КхъуэIуфэ Хьэчим абдежым щыгъуэ пэкlу щригъэжьэкlащ.

И ныбжьэгъуфlу щыта усакlуэ щlэрыIуэм и махуэм ирихьэлlэу ильэс кьэс Налшык кьакlуэ тхакlуэ, критик, литературовед **Джусойты Нафи** а махуэм зыкъригъэзыхьэлlат фэеплъ Іуэхуэм. Абы псалъэ щратым жиlащ:

- Кулиевым и гугъу щащlкlэ ар зыщlыхуу щытахэм, и гуащlэм и инагъым, и цlыхугъэр здыиэсым, и усыгъэм и льэщагъым щыгъуэзэхэм яхуэщlэнчр зыщ - нобэ къыгъэжьыгъ, а щlыхуу щыпlэм тхьэ хуэльэрыпlэ. Сэ сытым дежи си нэгу щlэтщ икlи зэи сщыгъупщэнукъым Къайсын иужь дыдэу щысльэгъуа махуэр. 1985 гъэм накьыщlэм и 19-м си ныбжьэгъуэм деж сыкьэкlуат. Сымаджэ з хьэлъэ дыдэу хэль усакlуэм льэгуажьэмащlэу сыщыбгъэдэувэм, Іэплъ кьыскуищри тlури дыкьыззэфlэнэри дыгъат. Нобэр кьыздэсым зыхьэзощlэ Кулиевым кьызэщlэнкlа Іэплъэр, и Іэхъэм, и Іуэхуэр,

нэхъыщхьэ **Аттаев Жамал**, Тэтэрстан Республикэм щэнхабзэмкlэ щыхь зиlэ и лэжьакlуэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и унафэщlым и кьудзэ **Бегиев Абдулыхьсымэ.**

Зэlущlэм кьрихьэлlат КъБР-м и Президентым и Адміністрацэм, Парламентым, Правительствэм, Налшык кьалэ адміністрацэм я lэтащхьэ, лъэпкъ интеллигенцэр, Кулиев Къайсын и гуащlэм дихьэхэр.

Фэеплъ пэкlу нэужьым абы кьрихьэлlахэр Шэджэм кьалэм кlуащ, Кулиевым и кхъащхьэр зрагъэльэгъуащ, и унэ-музейм зыщащlалъхьащ. Абдежми псалъэ гуапэ куэд щыжаlащ усакlуэм и дуней тетыкlар, и лэжьэкlэ, и цlыху къэтыкlэу щытар ирагъэбелджыльыу.

Мэлбахьэу Тимбороз и цlэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щыжьэщхьэм сыщыкlэ 16-м щыщlидзащ Кулиевым и фэеплъ пшысъ. Ящэу абы кьыщыпсэльа, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlэ **Чеченов Ануар** и гугъу ищlащ Кулиев Къайсын и творчествэм, Къэбэрдей-Балькъэр литературэм абы увыпlэшхуэ зэрыщиубыдым. Усакlуэм и гуащlэм, ар псоми ядэlэпыкъуну фlэфlу зэрыщыта, и Іэдакъэщlэкlэм ящlэлъ гупсысэм, абы и усэхэр псалъэ щрIуэ хуауэ нобэ кьыззэрагъэсэбэпым, нэгъуэщlэхэм.

Щlэныгъэлэ щэрыIуэ, Лермонтов кьоміттетым и унафэщlэхэм ящыщ зы **Захаров Александр** и гурэзу кьыкlыгъащ усакlуэм и фэеплъым хуэщlу гулъытэ абы и дуэ зрагъэщэ зи хэт дзгъэнэ зыми и пщlэр зэригъэльагъэ икlи ар Іэмал хъарзынэу зэрыщытыр.

Адэкlэ псалъэ иратащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я тхьэмадэ и кьудзэ **Аттаев Жамал.** Абы кьыхигъэщащ урысей псом журналистикэр дахэу хэзыщlыкlыр, ауэ ди куейм абы и щапхъэу кьихьащ мелуан бжыгъэкlэ тираж зиlа газетхэм ящыщ куэд нобэ къызэрыдэмыкlыжыр, кьэна закъуэтlакъуэми и бжыгъэр фlыуэ зэрехуэхар. «Къапщтэмэ, къаралым зэхъуэкlыныгъэхэр щыщlыа lъэхъэнэм журналистикэм и пщlэр ехуэхащ, дунейм кьыщыхьуэм ятеухуа хъыбар пэжкlэр жылагъуэм и деж нэхъэсыныр кьанэри, цlыху щхьэхуэхэм я псэукlэ зэрыхьэзэлъэжьапхъэр, зым и Іуэхр адрейм ильытэу кьызэдекlуэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу абы кьыхилъхьащ районхэм тхыльыдджэхэм я конференцхэр щегъэкlуэжкlипхъэу. «Цlыхуэхэм дахуэзэн хуейщ, - жиlащ абыхэм депсэльыпlэу, езыхэм я гупсысэр кьедгъэуатэу жылагъуэмрэ властымрэ зэпыт щlэныр дэ ди кьалэн нэхъыщхьэщ», - жиlащ абы.

Къудей Владимир хьыбарегъащlэ Іэнатlэм и лэжьакlуэхэм кьыхуриджащ зэкъуэувэу щlыналъэм зыщlыхьыбгъу экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэпэщlэтыныр къБР-м Хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъуэ щlалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министрым зыужьыгъэзащ абы теухуа публицистикэ тхыгъэхэм теухуа зэпеуэ къызэрагъэпэщыну. «Республикэм щlэщlа щытыкlэр зэпlэзэрыт хъыжьныкlэ журналистхэм кьалэнхышхуэ ди пщэ кьыдоху, - жиlащ Къудей. - Ди кьалэмыр пэжым хуэдгъабзэкlэрэ, дэ мамыр псэукlэм ди гуащlэ хьэлдотлъэ».

Іэнатlэм и радиом и лэжьакlуэ **Мэремыкьуэ Ларисэ** хьыбарыщlэхэр зэрагъэхъэзырым, ахэр къызэратетэпсэльыхьащ. Ар зыгъэгъэмэщl Іуэхуэгъуэхэм ящыщу кьыщыхьащащ республикэм кьыщыхьэу Іуэхуэр япэу Москва и хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм я деж зэрыпэ сыр, абы щlыпlэу ди телевиденэм радиоми ар кьыщыlэрыхьэр махуитlкlи дэкlуэну.

«ИТАР-ТАСС»-м и лэжьакlуэ **Чернышовэ Маринэ** сыт хуэдэ хьыбарри интернетымкlэ псынщlэ дыдэу зэрызэбгрырыкlым тепсэльыхьащ. «Газетхэмрэ телевиденэмрэ я лэжьакlуэхэм иджыри пэжыр зэкагъэкlыну и ужь итми, интернетым апхуэдэ Іуэху зэрихуэркъым, - жиlащ Чернышовэм. - Нэхъыбэуэ абы уэзыщихьэлlэ хъыбархэм гъабжьэ яlэкъым, ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар дуней псом псынщlэ дыдэу щызэпльащlыс. Іэмал имыIэу абыи хэкlыпlэ гуэркэр кьыхуэтlэуэтын хуейщ».

Нобэ зыщlэ щытыкlэм теухуауэ литературэм, гъуэгуфlэкъым я бжыгъэ зыщlыщlа lъэхъэнэм журналистым и пщlэр ехуэхащ, дунейм кьыщыхьуэм ятеухуа хъыбар пэжкlэр жылагъуэм и деж нэхъэсыныр кьанэри, цlыху щхьэхуэхэм я псэукlэ зэрыхьэзэлъэжьапхъэр, зым и Іуэхр адрейм ильытэу кьызэдекlуэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу абы кьыхилъхьащ районхэм тхыльыдджэхэм я конференцхэр щегъэкlуэжкlипхъэу. «Цlыхуэхэм дахуэзэн хуейщ, - жиlащ абыхэм депсэльыпlэу, езыхэм я гупсысэр кьедгъэуатэу жылагъуэмрэ властымрэ зэпыт щlэныр дэ ди кьалэн нэхъыщхьэщ», - жиlащ абы.

Бочаров Юрий тепсэльыхьащ интернетым теухуа закон зэрыщымыlэм кьыхэкlыу абы и лэжьыгъэм иджыпсту зэхъуэкlыныгъэ гуэркэр пхуэхэльхьэну зэрыщымытым, апхуэдэу кьыхигъащщ мы зэманым Ф-м и Кьэрал Думэм абы теуха уна фэм зэрыщыхьэпlъэр.

Зэlущlэм и кlэм **Пащты Борис** кlэщlу кьытеувыlащ нобэ республикэм и хьыбарегъащlэ Іэнатlэм и Іуэху зыlутым, апхуэдэу кьэпсэлъа псоми жаlэхэм мыхьэнэ зэрыритыр кьыжьиlэри, журналистхэм нэхъ гъунэгъуу ядлажьэ Іуэхущlапlэ хэха щыlэн зэрыхуейкlэ арэзы хъуащ.

Кьызэхуэсахэр зэгурыIуащ нэхъ щlэх-щlэжьыр зэрыпхуэдэ зэlущlэхэр ирагъэкlуэкlыну.

ЦЫХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Ныбжьыщlэхэр щогуфlыкl

● Проектхэр

Республикэм ис ныбжьыщlэхэр КъБР-м Хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яlэлъжьынмрэ щlалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкlэ и министерствэм игъэзащlэ «Іуэхущlэхэр» (Кучаечко) проектым щыгуфlыкlащ.

ПРОЕКТЫР кьыхэзыпльахьэм нэгъабэ ар кьайхьулlащ, мы гъэм нэхъри зрагъэужь, сыту жыlэмэ абы щlалэгъуалэ нэхъыбэ кьыхохьэ. Адыгэ унагъуэм щыщхэр балькъэрым я деж щэхущlэ, балькъэрхэр зэрыщыта я деж щыIэщ. Апхуэдэ щlыкlэкlэ зэхъуэжуэр, lъэпкъ зэныбжьэгъугъэ ягъэбыдэ.

Нэгъабэ проектым щыхуэзащlыжьам, нэгъуэщlадэ-анэхэм я деж пlалъэкlэ щагъэlа сабийхэр абыхэм я бын пэлъытэ хъуат, благъэ зэрыщlа лъэпкъхэм езыхэми зэкъуэшу зальытэтжырт. КIыщыкlэу Адимрэ Кулиев Къайсынрэ ар яльэгъуатэмэ, я щlэблэм иригушхуэнт.

Проектым мыхьэнэшхуэ иIэщ, адэкlи зегъэужьыщхьэщ. Благъэ зэрыгъэхъуаэхэм я суртхэр, ахэр зыхэт фильмхэр, журналхэр кьыдигъэжьыжьащ. Джащ lэ проектым хэтхэр нэгъуэщlу унагъуэхэм махуитхум щыщlэдзауэ зы мазэ пщlондэ щагъэIэнущ. КъБР-м и районхэр зэгурыIуэу, сабийжэкlэ зэхъуажэурэ езыр-езыру а Іуэхугъуэр ягъэзащlэ хьунущ. Дэтхэнэ зыпкъым щыщ щlалэгъуалэми яку зэгурыIуэныгъэр зэрыльытыныгъэр дэпсу кьыдогъэхьу.

«Благъэ зэрыщlадхэр» проектыр лъэпкъ зэхэгъэжьауэ ахэр дэзыIыгъэхэмрэ ятеухуащ. «Іу кьабзэхэр», «Аксиома», «Щlалэгъуалэм я Іуэху зэIуымыбгъэмкlэ щыIэ институт», «Ковчег» щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я щlэжlэ ар кьызэрыкlахьыжьащ зэрагъэзащlэмрэ папщlэ фlыщlэшхуэ яхудоущ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, Парламентым и Унафэщl Чеченов Аниуар, Хьыбарегъащlэ Іэнатl

***Сыт хуэдэ лъэхъэш хъыбарегъащIэ ЕнатIэхэр, псом хуэмыдэу газетхэр, ятыитэ гъащIэр лъэныкъуэ кудкIэ кьыэрыщ гъудэжу, щIыхуэхэм я гуэсыкIэр, дуней еплъыкIэр зыубзыхэу Iэмалу, Iуэхугъэ щIэхэм кьыхуеэдмэ, зи нэ щIэт, властым и Iуэху еплъыкIхэр бзи яхуэзыхь Iэмтхэсыжу. Адыгэм и дежкIэ анхуэдэт анэдэлъхубзкIэ ятеу кьыдыIа газетыр. Ди лъэныкъуэ и щIыхь нэрытхэр куэд щIауэ щIэхъуэжырт бзи щIэныгъэ яIэным, еджакIэ, тхэкIэ щIэжным. Анхуэдэ кьалэнхэм хуэзьгъэзэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 гъэхэм кьыдэкIын щыщIэзыдза газетхэр. Ахэр сэбэныншхуэ хьуащ щэнхабзэ революцэ егъэкIуэкIынымкIэ, гъащIэщIэр ди щIынальэм лъэ быдэкIэ щыгъэзубынымкIэ, лъэпкъ щIэныкъэр, егъэджэныгъэр зэтегъуэвэнымкIэ. Дауи, тынштэкъым езы газет Iуэхур тэмэму зэтеухуэныр, ар Iэщ1агъэлIхэмкIэ кьызэгъэпещыныр. Ар кьыпхуэзыIуэтэжыну щыIэр езы газетхэрщ, дэфтэрхэрщ. Сыту пIэрпIэ абыхэм я кьыIуатэр?*

«Адыгэ псалъэ» газетым кьыкIуа гъуэгуанэм щыщ Iыхьхэм, ар зэрызэфIэувам тедгъэпсэлъыхьыну, абыхэм ятеухуауэ дэфтэр хьуманIэм щIэлъ тхыльхэм щыгъуаз зыхуедгъэщыну дэ зыхуэдгъэзащ КъБР-м и Архивым иджырей тхьдэмкIэ и центрым и управленэм и унафэщI Ащхъуэт Раисэ Мухьэмэд и пхъум.

●Ди псэлъэгъуэхэр

АщхъУЭТ Раисэ:

Лъэпкъ газетхэр ди тхыдэм и напэкIуэцI лъапIэщ

- Адыгэ лъэныкъым Нэгуэ Шорэ зэрыхуэхьуапсэу щыта «гъащIэм и нэхунэхэм» ящыщщ ди газетри. Ильэс 86-рэ хьуауэ лъэпкьнсо кьалэн нихэр зэфIэзых «Адыгэ псалъэм» икьежьапIхэм ятеухуауэ узиунафэщI дэфтэр хьуманIэм сыт хуэдэ тхыльхэр щIэлъ, Раисэ?

- ЦIыхубэр щIэныгъэм ешэлIэн, егъэджэн, дунейм, ди къэралым, щIыналъэм щеКIуэкI Iуэхугъэхэм, кьэхъукъащIэхэм щыгъазэ щIын, нэхъыщхьэраци, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр кьэкIуэну щIэблэм яхуэхъумэн я IэныкьуэкIэ «Адыгэ псалъэм» и мыхьэнэр кьыпхуэмылытэным хуэдизщ. Абы и дэтхэнэ кьыдэкIыгъуэри ди республикэм и тхыдэм и напэкIуэцI лъапIэщ. «Адыгэ псалъэ» газетыр ильэс 86-рэ ирокIу. Абы кьокI ар япэу кьыщыдэкIар 1924 гъэм и мэкъуаугъуэ мазэрауэ. Ауэ, ди дэфтэр хьуманIэм щIэлъ тхыльхэр щыхьэт зэрыстхуэмкIэ, адыгэбзэкIэ тха япэ газетыр абы ипэжкIэ дунейм кьытехьауэ щытащ. 1917 - 1919 гъэхэм адыгэ еджагъэшхуэ Дым Iэдэм Бахъсэн кьыщыдигъэкIыу щытащ «Адыгэ макъ» газетыр. Журналист, политолог цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Iэщнокъуэ Фоэз «Къэбэрдей- Балъкъэр журналистикэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» и тхылъым зэрыщыжиЗкIэ, «адыгэ лъэпкъ журналистикэм и кьежьапIэу пльытэ хьунур, шэч хэмылъу, 1917 гъэм кьыдэкIауэ щыта «Адыгэ макъ» газетырщ» *(Налшык, «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэ, 2005 гъэ, 82-нэ нап.).*

Абы и ужькIэ ди лъахэм кьыдэкIащ анэдэлъхубзкIэ тха нэгъуэщI газетхэр. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, «Кавказ коммунэ» газетыр. Ар Налшык щытрадзэу щытащ 1920 гъэм мэкъуаугъэм и пэхэм кьыщыщIэдзауэ. Тхьэмахуэм щэнейрэ, иужькIэ махуэ кьэс кьыдэкIыу щытащ, и тиражыр зэрыхъур 200 - 300 кьудейт, ауэ бзитIкIэ (урысыбзэкIи адыгэбзэкIи - хьэрпи хьэрфхэмкIэ) кьызэрыдэжьыи газетым щIэупщIэр нэхъыбэ ищIырт. Абы и урыс редакцэм и унафэщIт Налшык военкомым и кьуэдзэ Гурский Георгий. Адыгэ редакцэм и лэжьыгъэр кьызэригъэпещырт а зэманым хэкум кьэзыгъэзэжагъащIэ усакIуэ щIалэ Щоджэнщ Iыкъ Алий.

«Кавказ коммунэр», а лъэхъэнэм кьыдэкI газетхэм я процент 70-м щIигъуэм хуэдэу, блын газетущ зэрыщытар. Дэфтэрхэм кьызэрагъэпсыжымкIэ, газетыр кьалэм и цIыху кIуапIэхэм, зэхуэсыпIэхэм, школхэм, библиотекэхэм я блынхэм кIэралъхь.

«Налшык урихьащIэрэ, Продовольственнэ кьудамэм, е Наробразым, е Парткомитетым я хэщIапIэхэм ущIэупщIэкIэ, ахэр зэдэщIэр дэтхэнэ гъэпсыгъуэ адыгэмэ кьыбжимыIэфынкIэ хьунущ. Аущ «Кавказ коммунэ» газетыр щытрадзэм ущIэупщIэмэ, ар гугъуехь лъэпкъ хэмылъу дэтхэнэми кьыбжиIэфынущ, апхуэдизу а газетыр цIыхубэм щыцIэрыIуэщи», - «Красный журналист» журналыр апхуэдэу тетхыхьырт Налшык кьыщыдэкI «Кавказ коммунэ» газетым.

«Кавказ коммунэ» газетыр кьызэрыдэкIар зы илъэс закъуэщ: 1920 гъэм мэкъуауэ- гъэм и 5-м кьыщыщIэдзауэ 1921 гъэм накъыгъэм и 30 щIондэщ, ауэ абы жылагъэм пщIэшхэу, щIэупщIэ щиIэу щытащ.

- ЗэрыжыпIэмкIэ, ди щIыналъэм и щIыхубзр гъащIэм и гъэтэм тешэныжкIэ, мэжащIалагъэмрэ зэхъуэкIуэныгъэхэмрэ Iэщ1ыб щIыныжкIэ, хьэрэщагъэмрэ щIэщхьалажьагъэмрэ яIуэвыныжкIэ «Кавказ коммунэм» лъэкI кьигъэнакъым. А газетрауэ кьыщIэкIынщ, дауи, «Къэбэрдей Плъыжьыр» («Красная Кабарда») кьыдгъэкIыным тегъэщIапIэ хуэхъуари?

- Шэч хэмылъу, «Кавказ коммунэ» газетрагъэ абы кьыкIэлыкIуа «Къэбэрдей Плъыжь» газетым лъабжьэ хуэзыгъэтIылъар. Апхуэдэурэ кьэкIуэкIащ: зым и Iуэху зехьэкIэм адрейм пищу, зым кьрихьэжь дэжьыгъэр адрейм иригъэжIащ.

«Къэбэрдей Плъыжь» газетым и япэ номерыр 1921 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м кьыдэкIащ. Ар ди дэфтэр хьуманIэм щIэлъщ. Ара лъэхъэнэм къэралым кьыщыдэкIэу щытащ «Правда» газет нэхъыщхьэ хуэдизу хьурт. Абы и япэ напэкIуэцIым зэрытетамкIэ, Къэбэрдей Округым и Гъэзэщ1акIуэ комитетымрэ Окружной парткомитетымрэ я газетыр, и бжыгъэкIэ 800 хьууэ, урысбзэрэ адыгэбзэкIэ тхьэмахуэм щэ кьыдэкIырт. «Къэбэрдей Плъыжьым» и япэ кьыдэкIыгъуэм.

«Къэбэрдей Плъыжь» газетыр ди анэдэлъхубзэмкIэ кьыдэкIыу зэрыщытам щыхьэт тохьуэ абы и япэ редактор Петров Георгий и гукъэкIыжхэр. Абы итхыр: «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и япэ кьыдэкIыгъуитI-щыр адыгэбзэкIи дунейм кьытехьащ. Тхыгъэхэр адыгэбзэм иригъэзагъэт зэдзэкIакIуэ Елмэс МатIу. Аэрэ кьащыпырт Кьаздэхьу Мэжид, Тхьэгъэзитым, Щоджэным. Хьэрыф графикэм тет адыгэ алиф-бейм кIэ тхыгъэхэр кьэщыпыныр егъэлеяуэ гугъути, абыхэм кьатехьэлъэрт. «Кавказ коммунэ» блын газетыр кьыщыдагъэкIми ахэр тынштэкъым, ауэ иджы, формат ину кьыдэкI ди газетымэ и напэкIуэцI 2-р адыгэбзэкIэ кьэщыпыныр гугъущ, шрифтэри ирикъуркъым».

А щхьэусыгъуэхэр я лъабжьэу зэпагъэуэуэ щытащ газетыр адыгэбзэкIэ кьыдэгъэкIыныр. Ауэ ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр елэжьыт а Iуэхур зэтегъэуэвэжьыным. Владикавказ кьыщыдэкIыу щыта «Горская правда» газетым 1921 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м абы теухуауэ итхырт: «Куэд мыщIэу Къэбэрдейм адыгэ типографие щауТIыпщынущ. ИтIанэ абы кьыщыдэкIынущ адыгэбзэкIэ тха «Къэрэхьэлъкъ» газетыр. ЗэрыжаIэмкIэ, адыгэ алиф бейм и шрифтыр (Лопатинскэм зэхилъхьар) Тифлис къращынущ. А алиф бейм кIэ 1912 гъэм Тифлис кьыщыдагъэкIыу щытащ адыгэбзэмкIэ учебникхэр».

Апхуэдэ гугъэхэр щыIа пэтми, а илъэсхэм тэмэму яхуэзэтебгъажауэ щытакъым адыгэбзэкIэ газетыр кьыдгъэкIыныр.

- А алиф бейр щыIами, адыгэбзэкIэ тха япэ хэкIыпIэ - «Адыгэбзэ псалъалъэр» - лъэпкъ щIэныгъэ Iыгъ Бырсей Умар 1853 гъэм кьыдигъэкIауэ щытами, анэдэлъхубзэ газетым и Iуэхур зэфIэувэфакъым абы щыгъуэ. Лъэныкъм и дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ а Iуэхум гъащIэм хуэхьзэ ирихьэлIащ.

- Зэманыр хеящIэ ткIийм хуэдэщ. Абы дэтхэнэ хьэкъубащIэми уВыпIэ щхьэхуэ щрет тхыдэм. АдыгэбзэкIэ газетыр кьыдэгъэкIыныр зэтеубгъэжыным абы хуэхихар 1924 гъэрщ. А илъэсым яубзыхуауэ щытащ латин графикэм тет адыгэ, балъкъэр алиф бейхэр. Абыхэм арэзы техьуат кьэралым и Правительствэр икIи лъэпкъ тхыбзэхэм я лъабжьэу ар кьэщтэныжкIэ унафэ щхьэхуи ищIат. А гъэ дыдэм мэкъуауэгъуэм и 1-м дунейм кьытехьащ «Къэрэхьэлъкъ» газетым и япэ номерыр. Ар бзищымкIи - адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи - кьыдэкIырт икIи жылагъуэм щIэупщIэшхуэ щиIэт. «Къэрэхьэлъкъым» кьытехуэ тхыгъэхэм ящыщ куэд хуэунэтIат алиф беищIэр, тхыбзэр шоколаКIуэ ныжьыщIэхэми балигъэми зрагъэщIэным. Зэрыхабзэти, апхуэдэ тхыгъэхэр нэхъ хьэрфышхуэкIэ кьэщыпат икIи газетджэм гу нэхъ зытынтэ хабзэ нап1 Iыхьэм ирагъэувэрт. АнэдэлъхубзэкIэ уэрреджэн тхылъ зэрыщымыIэм кьыхэкIкIэ, газетыр апхуэди яхуэхьуат щIыхь минхэм. ЖыпIнурамэ, «Къэрэхьэлъкъыр» газет кьудейтэкъым, атIэ икIи гъэсакIуэт, икIи егъэджакIуэт, икIи гъащIэщIэм хуэунэтIа гупсысэхэр щIыхубэм яхуэзыхьхьт.

- ГъащIэм зэрызижьым ельытауэ, газетым кьыщыщыль кьалэнхэм, махуэ кьэс жьхуаIэм хуэдэу, захъуэж, кьаехьхьуэ кьыщIэкIынт. Сыт хуэдэ Iуэху зехьэкIэщIэхэр кьыщыхальхьэрэт «Къэрэхьэлъкъ» газетым и редакцэм? Жанр и лъныкъуэкIэ абы сыт хуэдэ кьуленгъ бгъэдэлът?

- КьыдэкIын щыщIидза апхуэдэ илъэсхэм и тепльэми и купщIэми зэхъуэкIыныгъэхэр игъэутэрэ «Къэрэхьэлъкъыр» екIуэкIащ. Дихьмащ1эм щIэтыца и илъэсэм кьыдэкIа газетхэм я номер щхьэхуэкэр. Гу лъмыгъэу кьанэрэкым абы адыгэбзэм щиубыл ушIэм хэхъуэ зэпытурэ зэрыкIуар. Нэхъапэм газетым урысибзэр щытетпщэу щытагъэ, пьэпкъыбзэхэм е1Iуанэ, ещанэ напэкIуэцIхэм щыщ плIанэпэ кьалъысурэ екIуэкIамэ, илъэсым кьриубыдэу адыгэбзэм нэхъ пщIэ щиIэ хьуащ. Япэ щыкIэ абы зыщиубгъащ хуэхаха напэкIуэцIым, иужькIэ езанэ напэкIуэцIым кьэIэпхъащ икIи кьыдэкIыгъуэм и тхыгъэ нэхъыщхьэр анэдэлъхубзэкIэ (адыгэбзэкIэ е балъкъэрыбзэкIэ) традзэу щIадзащ.

Газетым гулыитэншэ ищIыртэкъым ди щIынальэм щыпсэу сыт хуэдэ лъэпкъри зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэу, Кьэбэрдей областым бгырыс журт куэд (татхэр) зэрыщыпсэуэм кьыхэкIыу, 1925 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м «Къэрэхьэлъкъ» редакцэм кьыщызэрагъэпэщащ абыхэм ядэлэжьнымкIэ кьудамэ щхьэхуэ, татыбзэкIи тхыгъэхэр традзэу хуежьащ. Иджы ар бзи 4-кIэ кьыдэкIырт, адыгэ, балъкъэр, урыс, журт журналистхэри зэгурыIуэу щызэдэлажьэрт. Апхуэдэурэ «Къэрэхьэлъкъым» и пщIэр нэхъри нэхъ иныж щыхьуащ ыкIи лагъуэм. ЦIыхубэ депутатхэм я V съездым и IыкIуэхэм я пащхьэм къыщыпсэлъа «Къэрэхьэлъкъым» и редактор нэхъыщхьэ Шанин Федор зэрыжиIамкIэ, «мы дуней псом бзиплIкIэ кьыдэкIыу щыIэр ди зы газет закъэрщ». «Красная печать» журналми итхырт: «ЖуртыбзэкIэ кьыдэкIыу зы газет закъуэфIэкIа щыIэкъым. Ар Къэбэрдей автономэ областым и «Къэрэхьэлъкъ» газетырщ». Апхуэдэу илъэс зыбжанэкIэ екIуэкIащ.

Нэгъуэщ1 зэхъуэкIыныгъэхэри игъэутэрт газетым. Абы щыгъуу гуэдзэм щхьэхуэхэр тра-дзэрт. Абыхэм итт мэкъумэщыщIэхэм, колхозхэм яхуэгъэзэ тхыгъэхэр, санитариемрэ медицинэмкIэ чэнджэщхэр, хабзэ щхьэхуэхэр цIыхухэм ягурызыгъаIуэ статьяхэр.

Коммунист партым и щIэблэ комсомолыр утыку кьихьауэ, гъащIэщIэр ухуэным жьыджэру хэтри, областым и партр конференцым унафэ ищIауэ щытащ щIалэгъуалэм яхуэгъэза тхыгъэхэм пIанэпэ щхьэхуэ «Къэрэхьэлъкъым» щыхухахыну. Апхуэдэу «Бгырыс бзыльхугъэ» напэкIуэцIри мазищ къэс зэ удэмкIи кьытехьэ хьуащ. Редакцэм и лэжьакIуэхэм сыт щыгъуи я дэIепыкIуэгъут щIыпIэ-щIыпIэхэм хьыбар тхыгъэгъэнэжьхэр кьахуэзыбзыкъ лэжьакIуэ, кьуажэ корреспондентэр.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм ирихьэлIэу «Къэрэхьэлъкъым» и инагъми и кьыдэкIыкIэми захъуэжащ, техникэкIи нэхъ зыхуей хуэзащ. Тхьэмахуэм тIэу напэкIуэцIиплIу кьыдэкIыу езыгъэжьа газетыр япэ щыкIэ напэкIуэцIи 6-м хуэкIуащ. ИужькIэ, «Правда» щыкIум хуэдизи инагъыу, ауэ напэкIуэцI 16-у икIи махуэ кьэс кьыдэкIыу щIидащ. «Къэрэхьэлъкъым» и бжыгъэри мини 3-м щIигъуат абы щыгъуэ.

Газетым и жанрхэм я гугъу пщIымэ, журналистхэм я Iэзэгъым хагъахьуэ зэпыту екIуэкIащ. ЛЪэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм абы куэдрэ кьэтехуэрт репортажхэр, очеркхэр, отчетхэр, критикэ тхыгъэхэр. АбыхэмкIэ кьэгъэлъэгъуа хьурт щIыналъэм щеКIуэкI гъащIэр.

1931 гъэм и мазаем «Къэрэхьэлъкъым» и цIэр «Ленин гъуэгукIэ» яхьуэжащ. Абы и редакцэм и ужь, адыгэ, балъкъэр кьудамэхэр я лIыбжьэу мыгувэу кьызэрагъэпэщащ зи щхьэ хуэщытыкъ газети 3. Республикэм зэпэщхьэхуэу кьыщы- дэкI хуэащ «Ленинский путь» *(урысыбзэкIэ),* «Ленин гъуэгу» *(адыгэбзэкIэ),* «Ленин жол» *(балъкъэрыбзэкIэ)* газетхэр.

- Газетхэм я полиграфие лъабжьэм нэхъри зиужьным сэбэп хуэхьуа кьыщIэкIыныр 1936 гъэм анэдэлъхубзэ алиф бейр урыс графикэм зэрытехьар. Хэку зауэшхуэм и пэ кьихуэ лъхъэнэм, зауэ, зауэ нужь зманхэм газетыр сыт хуэдэу щыта, Раисэ?

- 1938 гъэм Москва къращауэ щытащ зы сыхьэтым и кIуэцIкIэ газет мин бжыгъэ тезыдзэф ротацэ машинэ. Газетхэри форматышхуэкIэ кьыдэкI хьуащ, абыхэм я бжыгъэми я флагъми хэпщIыкIыу хэхъуащ. Абыхэм щыхьэт тохьуэ ахэр ВДНХ-м и къэралпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм ирагъэблагъуэу, абыхэм увыпIэфIхэр кьыщацхуэ зэрыщытар.

Хэку зауэщхуэм и илъэхэм, нэмыцэр ди щIыпIэм кьыщихьам щыгъуэ, партым и обкомым и унафэкIэ республикэм адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысбзэкIи кьыщыдэкIыу щытащ «За Советскую Кабардино-Балкарию» листовкхэр. Ди хэкум бийр ирахужа нэужь, газетхэм я кьыдэгъэкIыныр тэмэму зэтраублэжащ,ефIакIуэ, зиужь зэпыту екIуэкIащ, я лжьыгъэфIым папщIи мызэ-мытIэу ягъэпэжащ. 1962 гъэм адыгэ газетым кьыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, 1974 гъэм кьратащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр.

ГъащIэм щеКIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм ятекIа, адыгэ газетым и щIэр иджыри мызэ-мытIэу ихуэжащ. 1944 гъэм «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» «Къэбэрдей пэж» хуащ. ИужькIэ, 1957 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-р зэфIэувэжа нэужь, «Ленин гъуэгу» щIэр игъуэтыжащ. Ди лъэпкъ газетым «Адыгэ псалъэ» щIэр иIэу кьыдэкI хьуащ 1991 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ. Абы теухуа унафэ щхьэхуэ партым и обкомым и бюром кьыщащтауэ щытащ гъатхэпэм и 26-м.

Нобэ «Адыгэ псалъэр» зи теплъэкIи кьытехуэ тхыгъэхэмкIи щапхъэу бгъэльагъэу хьун газетщ. Иужьрей илъэсхэм абы зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Щэч хэмылъу, ар и фIыгъэщ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ, хэкупсэ нэс ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

Адыгэ газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэм сохьуэхьу адэкIи екIуэдIэныгъэ яIэу, журналистикэ Iэзагъым и льагапIэхэм нэсу, газетыр жылагъуэм щIэрыIуэ щащIыфу я Iэнатlэр ирахьэкIыну. Куэдрэ ирапсэу,ендэлъхубзэкIэ кьыдрепсалъэ «Адыгэ псалъэр»!

Епсэлъар

КЪАРДЭН Маритэщ.

Центрым и унафэщI Бейтыгъуэн Зауррэ Хэку зауэшхуэм и ветеран Рунтов Федоррэ.

●Мэкъуауэгъуэм и 8-р Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ

Егугъуу къызэрагъэпэщ

2007 ГЪЭМ Налшык щыIащ унагъуэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ, псынщIэу ялъэIэс къэрал Iуэхущ1апIэщ. Ахэр илъэсым къриубыдэу щIыхуэ 1845-м якIэлъыплъащ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ я кьудамэхэм унагъуэ 621-м Iуэхутхьэбзэ щыхуащIащ, псынщIэу защIэзыгъакъуэ гупхэр щIыхуу 1224-м ядэIэпыкъуащ. Къудамищми Iуэхутхьэбзэ 125140-рэ зэфIагъэкIащ: цIыху 56605-рэ ерыскъыкIэ кьызэрагъэпэщащ, 27514-м унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэр хуэзфIагъэкIащ, 19706-м медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ, 299-м социально-психологие, 211-м юридическэ чэнджэщхэмкIэ зыщIагъэкъуащ, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэри 20790-рэ мэхъу. Я нэIэ щIэтхэм ящыщу 870-м гуманитар дэIепыкъуныгъэхэр иратащ.

ЦIыхухэр социальнэу дэIыгъыным пыщIа Iуэхугъэ нэхъыфIу дагъэкIын мурадкIэ, 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №330-м тету, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм Налшык кьалэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжкIэ центр кьыщызэригъэпэщащ. Абы хохьэ администрэтивнэ-хозяйственнэ Iэнатlэр, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ унагъуэхэм Iуэхутхьэбзэ щахуэзыщIэ, псынщIэу социальнэ дэIепыкъуныгъэ ёзыт, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ унагъуэхэм социальнэ-медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр хэхаущ щахуэзыщIэ, кьызэгъэпэщакIуэ-методикэ кьудамэхэр.

Центрым Iэщ1агъэлI зэмылIужьныгъуэхэр иIэщ. Апхуэдэщ психологхэр, социальнэ лэжьакIуэхэр, медсестрахэр, юристхэр, нэгъуэщIхэри. Iэщ1агъэлIи 129-р щыху 911-м якIэлъоплъ.

Мы Iуэхущ1апIэм и кьалэн нэхъыщхьэр си ныбжь хэкIуэтауэ, ныкъуэдыкъуэу Налшык щыпсэухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныгъэ, социальнэу дэIыгъыныгъэ. Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIэкIуэн, абыхэм зрагъэубгъэн мурадкIэ коммерцэ, мыкоммерцэ Iэнатlэхэр я Iуэхум хашэ. Мы зэманым центрым долажьэ Лениным, Кировым я щIэкIэ щыIэ уэрамхэм тет «Дахагъэм и унэ» салонэр, «Астана» институтыр, «Горнэ» Iуэхутхьэбзэщ1апIэ унэм и «Санэ» салонэр, КъБКъУ-м дизайныкIэ и колледжыр, парикмахер Iуэхугъэм щыхуеджэ студиер. «Караван» тыкуэным ерыскъыхэмрэ хьэпшыпхэмрэ процент 5-кIэ нэхъ пуду кьарещэ. Кьалэм и еджапIэхэм ягуроIуэри, псапащIэ Iуэхугъэр кьыхалъхьэ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ гъащIэр щIэщыгъуэ щащIын, я гукъыдэжьыр кьалэгъын папщIэ концерт купщIафIэхэм ирагъэплъ, тыгъэхэр хуащI, Iэнэ кьыхуащтэ. Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIэкIуэну, пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэщ1апIэхэр кьызэIуахыу абыхэм кьапэкIуэн и фонд кьызэрагъэпэщыну я мурадщ. Абы папщIэ сымаджэ хьэпльэхэр зезыхьэнухэм, унагъуэ Iуэхугъэ яхуэзыщIэнхэм, сурдыкъ таксим, ерыскъы пищтэ яхуэзыгъэхьэзырыныхэм я кьудамэхэр, нэхъ пуду щыщхэуэну тыкуэн кьызэIуахынущ. НэгъуэщI жэрдэмхэри яIэщ.

Центрым и унафэщI Бейтыгъуэн Заур цIыху гуапэщ, гущIэгъуэ лыщ, нэхъыжьхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыхуей хуигъэзэн щхьэкIэ куэд зэфIегъэкI. НыкъуэдыкъуиплI компьютерым хуригъэджащ, зыхуэныкъуэхэм зэпымыууэ щIоупщIэ, зрегъащIэ, а щыкIэм тету лэжьыгъэр еунэтI. Центрым и Къалэнхэм хэхъуэ зэпытщ. Абы и щыхьэтщ мы гъэм щыщу блэкIа зэманым и Iэнатlэм щIэуэ кьыхьхьажмрэ и Iуэхутхьэбзэхэм зэрызэгъуэмрэ. Апхуэдэ зэфIэкIхэр иIэу, и мурадхэм ехъуIэу гуп зэкъуэтыр социальнэ лэжьакIуэм и махуэм ирохьэлIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Социальнэ лэжьакIуэ-дэрбзэр Богомазовэ Александрэ Кривенкэ Нелли и унагъуэм щыIэщ.

Нэхъыжьыфlым и льагъуэм тету

● Ди щIалэхэм дзэм кьулыкъу щащIэ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъу махуэ лъапIэр блэкIри тхыдэм щыщ хуэщащ. Хэку зауэшхуэм зэпачу нобэ псэуфхэр ягъэтэпIащ, абы хэкIуэдахэри текIуэныгъэм иращIэкI иджырей гуфIэгъуэм хэпльэну гъащIэр зыхуримыкъуа ветеранхэри ягу кьагъэкIыжащ.

ЗЭРЫПХЪ ЗАКIУЭ гущIэгъунэшэм Хэкур кьыIэщIэзыхьжаэм я ещанэ-епIанэ щIэблэрщ нобэ дзэ кьулыкъум и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр езыхьэкIэжр. Апхуэдэ зы щIалэщ Тэрч куейм кьыхьэ Инарыкъуей къуажэм щыщ Хьыбий Родион *(сурэтым),* Владимир областым хьыхь Ковров кьалэм дзэ кьулыкъу щызыщIэр. Абы и адэшхуэм и адэ Хьыбий Балиле Нэгъуей и кьуэр Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ щигъэльагъуэу хэтащ, фэбжьышхуэ хихауэ (и Итlыр пымытыжу) къэкIуэжри кьуажэм гъащIэр, колхоз лэжьыгъэр зэтеубгъэжным хуэзфIэкI хилъхьащ. «Си Iэхэр спымытыжми, си щхьэр псэукъэ», - жиIэри хуэзфIэкI ищIэу кьуажэдэсым яхэтащ, колхозыр мелуанырыбжэ зыдэхъуауэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Пэнагуэ Азэмэ тджэрий дэлэжьащ. ТелкIэныгъэ Иныр илъэс 40 щрикъу, зауэм и дыркIуэгъэм адэкIэ пэмыльэщыжу. Балиле дунейм ехьжащ. Нобэ Хьыбий Балиле и щIэр зэрэхъэ Инарыкъуей къуажэм и уэрамхэм яущыщзым.

Къэзылъхуахэми япэ ита нэхъыжьыфIхэми яхуэфащэу кьыщIэкIащ Хьыбий Родион. Кьуажэ псэукIэмрэ унагъуэ кьалэнхэмрэ щапыкIа щIалэм кьытехьэжакъым дзэ кьулыкъум пыща пщэрыльтхэр - япэ махуэхэм щецIэжьаеу Радик фIыуэ кьалъэгъуащ зыхжьа частым кьулыкъу кьыщыдэзыщIэхэми, гуфIуэхьым пэщIэтыф, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэ хуэзыщIащ жьыдэжьым ту кьыныпа щIалэ частым и унафэщIхэми. ИкIи абыхэм кьабгъадэкI фIыщIэ тхылъхэр, Родион и хьэп-щэныфIхэм щыхьэт техьуэ щытхъу псалъэхэр зэкъым тIэужькъым кьызэрыIэрыхьар абы и анэ Заретэ. Частым и унафэщI подполковник Мовсесян А. и Iэщ1дзаэу нэхъ нужькIэ Заретэ кьыхуэкIуа тхыгъэм, псалъэм папщIэ, итщ абы и къуэ Хьыбий Родион Текlуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум Владимир кьалэм щращIэкI парадым хэтынухэм ящыщ зыуэ кьызэрагъэлъэгъуар, апхуэдэ пщIэ адыгэ щIалэм кьызэрихьэкIар, и щIыхь хэтыкIэр щапхъэу адрейхэм зэрыхуагъэльа-

гъуэр, зыхэт гупым и пащхьэ кьращэу щытхъу тхылъ кьызэрыратар.

АтIэ анэм дежкIэ сыт щыIэ быным ифI, и щытхъу зэхихьэ нэхъра нэхъ гушхуапIэ?! Родион и щIэкIэ частым и унафэщIым кьыбгъэдэкI тхыгъэхэм, езым кьитха письмохэмрэ кьигъэхьа сурэтхэмрэ зэIэпахыу, кьыщыкIуэжьнур кьаухымытыжу абы поплъэ и анэ Заретэрэ и кьуэш нэхъыжь Рустамрэ, Радик и адэ кьуэшхэр. Я пхъырыпхъум дэ щыкIуэр щиухыным поплъэ Къэрэгъэш кьуажэ щыпсэу Шалэ Чифрэ Мерэрэ. Радик сабиищэт абы и адэ Ратмир гуузу дунейм щехьжам, ауэ Заретэ и гур имыгъэкIуэду щыкIунтIыр кьигъэзэжауэ, щапхъэу зей пльапкъым яхимышу, ущиерэ щапхъэкIэ иплащ.

Родион и дзэ кьулыкъур и кIэм нэсащ, Т хьэм жиIэмэ, мыгувэу ар яхьыхьжьнущ зыхуэхьу-кIэ езыгъэжьа и Iыхьлыхэм, къэралым кьалэн кьыщIащар щыгъуэ щыщIар ящыщ щыгуфIыкI и анэр кьыщыпэплъэ жьыгу пащхьэм дыхьэжьнущ. Дагъуэ кьыхуащIынныр щыгъэтэуэ, щапхъэу ягъэльагъуэу дзэ кьулыкъур кьезыхьэлIа Хьыбий Родион игъэпэжащ и адэ кьыщIэхьэжьнущ. «Дэ ди адэщхуэр зауэм и нэпкъыжьэ тельу псэуами, лIыгъэ хэлъу, щытхъу иIэу дунейм тетащ, уэ пхуэдэу дзэ кьулыкъум дыщригъажьэм, ар щапхъэу диIащ, зэрыдмыгъэукIытэныем дыхьащIэжьащ, уэри укъэмыдыхьэу, абы хуэфащэу уи кьулыкъур ехьэкI». Ар, нэ хьыкьыфI зи гъуаэзм и щIэблэрэ абы я лъагъуэм ирокIуэ, щытхъу иIэу дунейм тетащ.

ДЫЩЭКI Аидэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Дахагъэр зи Iэпэгъу Махуэлl Хъаджэт

Цыхур ныбжьэгъу пхуэхъун папщIэ зэгъусэу лъэпощхьэпо куэдым уебжькъун. зызыщIабгъакъуэурэ гугъуехь мымащIи къызэбжьыкIи хуэй мэхъу. Зи гугъу фхуэсщыну Махуэлl Хъаджэт ныбжьэгъугъэ зыгъэлъапIэ, а псалъэм и купщIэр нэсу зыхъэзыщIэ бзылъхугъэщ.

НЭТЫН куп1ащIафIэхэр илъэс 20-м щIигъуааУ къызэзыгъэпэщ, радиожурналист щIэрыпсу хъуа Хъаджэт цIыхугъэ щысхуэхъуам (абы щыгъуэ зэрихьэр и хъаджэбз унэщIэ Лихьырт), Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и филологие факультетым и адыгэбзэ кафедрэм щыщIэзгъэкIуэ. Зэрыжаlэу, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэт ар: и теплъэкIи, хэлъ нэмыскIи, и хьэлъ-щэнкIи и ныбжьэгъу цIыкIухэм кьахэщырт. Хъаджэт ди ужькIэ ныщIэтIысхьами, мэхъыжьми нэхъыщIэми ныбжьэгъу къытхуэхъуащ, псоми задригъэкIуфащ. А бзылъхугъэ цIыкIур апхуэдизкIэ щыкIаIофIэт, нэIурытI, узыIэпимыщэн плъэкIынутэкъым.

Университетыр ехъулIэныгъэкIэ кIуиха нэужь, езыр зыщIэса, Къаармэхьэблэ (Каменномост) дэт къуажэ школыр кьыщIолъэIури, абы егъэджакIуэу яIэщ. ЩIэныгъэ нэс зэзыгъэгъуэта, гушхуэныгъэ зыхэлъ хъаджэбзым и щIэныгъэр гъэбэгъуауэ щIэбгъэн ябгъэдильхьэу, гъэсэныгъэ дахэ яхипщэу лэжьэн щIедзэ икIи зэман кIэщIым кьурибыдзу ар егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ мэхъу, школ унафэщIым и къуэдзэуи ягъэув. Ар кьуажэ Советым и депутату мызэ-мытIэу хах, утыкуншхуэхэм и псалъэ щигъэIуну дзыхь кьыхуащI, щытхъу иIэу мэлажьэ. Ауэ, сыт хуэдизкIэ егъаджэныгъэгъэсэныгъэ кьалэныр къехъулIэу щытми, Хъаджэт журналист лэжьыгъэм дихьэхыт, зорьжаlэу, игури и псэри радиомкIэ щIэсыт. Школым щыщыла илъэсхэми еджапIэм, егъэджакIуэхэм, къужаждэсхэм я IуэхущIафэхэр зыхуэдэм щIэх-щIэхъуныгъэ дыщигъэгъуазэрт.

ГъащIэр и пIэ иткъым. Зэман докIри, Хъаджэт зэрыфIокI и хуэунсапIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал радиом и корреспондент Бжэныкlэ Мухьэб ЦIыхубзхэм я мазхуэшхуэм ирихьалIэу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ Хъаджэт зыхуигъэзащ:

Гупсысэр кууэ къыщIигъалъэу,
Гъэхуауэ радиом щыпсалъэу...
И телефоныр
къагъэзуу...
ФеупщIыт цIыхухэм фэ: ар хэт?
Жэуапыр зыщ...
Махуэлl Хъаджэт.

Зорьжаlэщи, гъащIэр матэщIэдзакъым икIи зи гъэгуанэр удз гъэгъа защIэкIэ кьэгъэтIылъхьауэ, гукъеуэншэу псэу цIыху щыIэуи къыщIэкIынкъым. Ауэ гуэвэгъуэ щыхэхуэм деж цIыхуэ абы зэрыпалъэщым кьару кьылъыкъуэкIмэ, и насыпщ. Хъаджэти, и щхьэгъусэмкIэ кьытепсыха гуаузм игъэдахьами, зримыгъэщIыкIыу ибг щIикъузэри, Махуэлlхэ щигъуэта хъаджэбзитIыр зыхуэдэм иримыгъэхъуапсэу апIым хуэфIэкIащ, лъэпкъитIри щIэгъушхуэн лэжьыгъэ дахэ иIэу ар мэпсэу. Фатlимэрэ Гущэрэ егуГуу зэреджэм, я дуней тетыкIэ дахэм гугъэ уагъэщI я адэ-анэхэу Махуэлlхэ Заурэ Хъаджэтрэ яхуэфащэу гъащIэм лъэфIэкIащ, лъэпкъитIри щIэгушхуэн лэжьыгъэ дахэ иIэу ар мэпсэу. Фатlимэрэ Гущэрэ егуГуу зэреджэм, я дуней тетыкIэ дахэм гугъэ уагъэщI я адэ-анэхэу Махуэлlхэ Заурэ Хъаджэтрэ яхуэфащэу гъащIэм лъэбыдэкIэ хуэзвэну.

Хъаджэт и къару емыблэжу зэрылажьэм папщIэ фIыщIэ, гулъытэ хъыхуамыщIу къэнакъым. Абы къыхуагъэфащащ КъБР-м и Правительствам, республикэм Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм, УФ-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм, УФ-м щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым я щытхъу тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри. Махуэлl Хъаджэт и зэфIэкIым хуэфащащ, щэнхабзэм гульитэ лъагэ щабэмкIэ иригъэкIуэкI нэтынхэм папщIэ. Къабэщтэмэ, куэдым ягу ирихьащ «Пшынэпъэ», «ХьэщIэщ», «Утыку» радиожурналхэр, апхуэдизу «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтыныр, «Жаншэрхъ» спорт радиообзорникIэр, нэгъуэщIхэри зэрыригъэжькIыр, абы-хэм кьыщIэт Iэхуэгъуэхэр. Республикэм ис зы цIыху закъуэ нэхъ мащIэу ирагъэкIуэ удыхьэрэ, мыпхуэдэ псалъэхэр кьыпхужаIэныр сыт и уасэ:

КъохъулIэнщ нобэ
махуэфI,
Уедэ1уамэ и макъ
Махуэлlым.
Цыхубз псори
зыгъэпсэлъэнт,
Уэ уи макъымкIэ,
Хъаджэт.

ХьыбарыщIэхэмкIэ къудамэр дзыхь къыщыхуащIамэ, а къалэн гугъуэм хъарзынэу екъулIащ Хъаджэт - республикэм сыт хуэдэ Iэхъу къыщIекIуэкIми, абы и пэжыпIэр цIыхуэхэм я деж и чэзум ниихьэсыр. Иджы борэжьей пщэдджыжь къэс гуапэу захуегъаазэ радиом едаIуэхэм, дэтхэнэми я гум, и псэм дохьэф, къедаIуэхэм я гукъыдэжыр, дэрэжагъуэр къиIэту.

Уи лэжьыгъэм хуащI пщIэр уегъэлъагъужыф, къыбжеIэф уи лэжьэгъуми. КъБР-м щIыхь зиI и журналист, радиом и комментатор Бжэныкlэ Мухьэб ЦIыхубзхэм я мазхуэшхуэм ирихьалIэу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ Хъаджэт зыхуигъэзащ:

Гупсысэр кууэ
къыщIигъалъэу,
Гъэхуауэ радиом
щыпсалъэу...
И телефоныр
къагъэзуу...
ФеупщIыт цIыхухэм
фэ: ар хэт?
Жэуапыр зыщ...
Махуэлl Хъаджэт.

Зорьжаlэщи, гъащIэр матэщIэдзакъым икIи зи гъэгуанэр удз гъэгъа защIэкIэ кьэгъэтIылъхьауэ, гукъеуэншэу псэу цIыху щыIэуи къыщIэкIынкъым. Ауэ гуэвэгъуэ щыхэхуэм деж цIыхуэ абы зэрыпалъэщым кьару кьылъыкъуэкIмэ, и насыпщ. Хъаджэти, и щхьэгъусэмкIэ кьытепсыха гуаузм игъэдахьами, зримыгъэщIыкIыу ибг щIикъузэри, Махуэлlхэ щигъуэта хъаджэбзитIыр зыхуэдэм иримыгъэхъуапсэу апIым хуэфIэкIащ, лъэпкъитIри щIэгушхуэн лэжьыгъэ дахэ иIэу ар мэпсэу. Фатlимэрэ Гущэрэ егуГуу зэреджэм, я дуней тетыкIэ дахэм гугъэ уагъэщI я адэ-анэхэу Махуэлlхэ Заурэ Хъаджэтрэ яхуэфащэу гъащIэм лъэбыдэкIэ хуэзвэну.

Хъаджэт и къару емыблэжу зэрылажьэм папщIэ фIыщIэ, гулъытэ хъыхуамыщIу къэнакъым. Абы къыхуагъэфащащ КъБР-м и Правительствам, республикэм Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм, УФ-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм, УФ-м щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым я щытхъу тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри. Махуэлl Хъаджэт и зэфIэкIым хуэфащащ, щэнхабзэм гульитэ лъагэ щабэмкIэ иригъэкIуэкI нэтынхэм папщIэ. Къабэщтэмэ, куэдым ягу ирихьащ «Пшынэпъэ», «ХьэщIэщ», «Утыку» радиожурналхэр, апхуэдизу «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтыныр, «Жаншэрхъ» спорт радиообзорникIэр, нэгъуэщIхэри зэрыригъэжькIыр, абы-хэм кьыщIэт Iэхуэгъуэхэр. Республикэм ис зы цIыху закъуэ нэхъ мащIэу ирагъэкIуэ удыхьэрэ, мыпхуэдэ псалъэхэр кьыпхужаIэныр сыт и уасэ:

КъохъулIэнщ нобэ
махуэфI,
Уедэ1уамэ и макъ
Махуэлlым.
Цыхубз псори
зыгъэпсэлъэнт,
Уэ уи макъымкIэ,
Хъаджэт.

ХьыбарыщIэхэмкIэ къудамэр дзыхь къыщыхуащIамэ, а къалэн гугъуэм хъарзынэу екъулIащ Хъаджэт - республикэм сыт хуэдэ Iэхъу къыщIекIуэкIми, абы и пэжыпIэр цIыхуэхэм я деж и чэзум ниихьэсыр. Иджы борэжьей пщэдджыжь къэс гуапэу за